

## Ak kilès pou m pale konsènan santiman m oswa pou m ka jwenn plis enfòmasyon?

Li enpòtan pou konnen ou ka jwenn èd.

Genyen omwen yon Pwogram pou Kriz Akoz Kadejak (Rape Crisis Program) nan konte kote ou abite a ki gen konseye ki resevwa fòmasyon espesyal pou ede w de plizyè fason: y ap ka pale ak ou konsènan santiman w yo, yo ka baw sipò epi menm akonpaye nan vizit yo, si sa ta nesèsè; epi yo ka baw referans pou jwenn kèk lòt sèvis.

Konseye Pwogram pou Kriz Akoz Kadejak yo disponib 24 sou 24, sèt jou pa semèn. Mande pèsònèl lopital la pou yo rele yon konseye pou ou si pa ta ko gen youn ki rive pou ede w.



## Ki kote m ka jwenn plis enfòmasyon?



Pou jwenn plis enfòmasyon epi yon referans pou ale nan yon Pwogram pou Kriz Akoz Kadejak (Rape Crisis Program) ki tou pre w, rele Liy pou Èd Pwogram Grandi Ansante Eta New York la (New York State Growing Up Healthy) nan:

**1(800) 522-5006**

Rele nenpòt ki lè, lajounen kou lannwit, ikonpri lè wikenn. Apèl la konplètman gratis epi konfidansyèl.

**Tanpri rele kounye a!**



Eta New York  
George E. Pataki, Gouvènè

Depatman Lansante  
Antonia C. Novello, M.D., M.P.H., Dr.P.H., Komisyònè

2010 (Haitian Creole)

5/04

## Kontrasepsyon Dijans pou Viktim Kadejak



Si w viktim yon kadejak, gen yon medikaman ou ka pran - kontrasepsyon dijans - ki ka ede w evite yon gwosès, si w pran medikaman an rapidman.

## Kisa kontrasepsyon dijans lan ye?

Si w viktim yon kadejak, gen yon medikaman ou ka pran-kontrasepsyon dijans - ki ka ede w evite yon gwosès, si w pran medikaman an rapidman. Kontrasepsyon dijans se senpleman yon dòz pi elve òmòn yo konn itilize dòdinè nan grenn pou kontrasepsyon yo. Li pi efikas si w pran grenn lan nan yon espas 12 èdtan aprè ou fin viktim yon kadejak. Men, grenn lan ka toujou fè efè menmsi ou pran l twa jou (72 èdtan) aprè ou ta fin viktim yon kadejak, epitou ou ka menm pran grenn lan jiska senk jou aprè ou ta fin viktim yon kadejak.

Sepandan, plis ou rete tann, se mwens chans w ap genyen pou kontrasepsyon dijans lan anpeche w tonbe ansent.

Si w te deja ansent lè w te viktim de kadejak, kontrasepsyon dijans lan pa pral afekte gwosès ou an.

Admistrasyon pou Manje ak Medikaman Ozetazini (U.S. Food and Drug Administration) te apwouve itilizasyon kontrasepsyon dijans kòm yon metòd ki san danje epi ki efikas.



## Èske m ka resevwa kontrasepsyon dijans si m ta vin yon viktim yon kadejak?



Wi. Yo mande kounye a pou tout lopital nan eta New York lan k ap bay mou ki te viktim yon kadejak swen dijans pou yo pale ak moun sa yo konsènan kontrasepsyon dijans, pou fè yo konnen metòd sa a disponib a yomenm, pou esplike yo efikasite metòd lan ak efè segondè l yo, epi baw grenn lan si w ta mande l amwenske ou te deja ansent oswa gen yon rezon medikal ra ki ta fè yo paka kite w pran grenn lan.

## Ki efè segondè kontrasepsyon dijans genyen?

Efè segondè kontrasepsyon dijans yo ka enkli:

- Kè plen ak vomisman
- Tete ki sansib
- Maltèt
- Tèt vire
- Fatig
- Doulè nan vant/kranp.

Pèsonèl lopital la ka ofri w



kèk medikaman ki ka anpeche w gen kè plean. Nan de twa jou kèlkanswa efè segondè ou ta genyen an pral disparèt. Kontrasepsyon dijans ka afekte règ ou. Règ ou ka vini pi bonè oswa pi ta, li ka vin yon tikras konsa li ka koule anpil tou.

## Kisa m dwe fè aprè m fin pran kontrasepsyon dijans lan?

Byenke lè w pran kontrasepsyon dijans lan chans pou tonbe ansent lan ap redwi anpil, w ap bezwen pran yon randevou ak doktè pèsonèl ou oswa jinekolog ou an pou l ka fè yon tès pou ou sou apeprè de semèn si w toujou gen kèk enkyetid. Si w ta wè règ ou pa janm vini lè w ta sipoze genyen l lan, ou dwe ale wè ak doktè w.



## Èske kontrasepsyon dijans ka gen yon efè sou mwen si m ta vle vin ansent alavni?

Non.